

Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan (Federal Emergency Management Agency, FEMA) Angaje Prèske \$1 Milya pou Ranplase Lopital Roy Lester Schneider a nan St. Thomas

Release Date: Fevriye 13, 2024

ST. CROIX, Zile Vyèj Ameriken (U.S. Virgin Islands) - Yon angajman \$928.7 milyon dola pou demoli epi ranplase Lopital Roy Lester Schneider a nan St. Thomas make yon etap enpòtan nan kolaborasyon FEMA avèk teritwa a pou rekonstui enfrastrikti swen sante atravè Zile Vyèj Ameriken yo ki te andomaje pandan siklòn Irma ak Maria nan mwa Septanm 2017.

Ranplasman pridan Lopital Schneider a ki te rive posib anba Lwa Bidjetè Bipati 2018 la ouvri yon chimen pou demolisyon biling senk etaj an blòk beton an ki kouvri 254,270 pye kare, epi konstriksyon yon nouvo lopital 439,910 pye kare sou anplasman ki deja la a nan Sugar Estate.

FEMA angaje dezòmè plis pase \$976,520,000 pou ranplase Lopital Schneider a epi reparé Enstiti Kansè Charlotte Kimelman nan (Charlotte Kimelman Cancer Institute) nan St. Thomas. Pwojè reparasyon Enstiti Kansè Kimelman nan gen ladan I demolisyon enteryè etablisman an epi \$170,791 nan mezi pou redui danje pou rann etablisman an pi rezistan pou I pi byen kenbe tèt ak fiti siklòn yo.

Konsantrasyon an gen pou I kontinye avèk Gouvènman Zile Vyèj Ameriken yo epi Biwo Reyabilitasyon apre Katastwòf Zile Vyèj Ameriken yo pou reparé epi ranplase enstalasyon siklòn te andomaje yo pou trase yon chimen pou etablisman swen sante yo bay swen medikal nan yon fason ki ekitab pou tout abitan Zile Vyèj yo.

“Mwen fyè dèské ekip FEMA nou an nan Zile Vyèj Ameriken yo te travay di avèk patnè nou yo sou teritwa a pou ranplase Lopital Roy Lester Schneider a nan St. Thomas,” te deklare Kristen A. Hodge, Direktris Biwo Reyabilitasyon FEMA a nan



FEMA

Page 1 of 2

Zile Vyèj Ameriken yo. "Detèminasyon nou an pou nou travay avèk patnè nou yo nan Zile Vyèj Ameriken yo pou repare ak rekonstui enstalasyon medikal Irma ak Maria te andomaje yo rete solid. Angajman nou anvè teritwa a se garanti etablisman tankou Lopital Schneider yo repare ak rekonstui pou bay moun ki nan zile Vyèj yo swen sante pou ane k ap vini yo."



FEMA

Page 2 of 2